



44 Holland Avenue  
Albany, NY 12229-0001



NEW YORK  
STATE OF  
OPPORTUNITY  
Office for People With  
Developmental Disabilities



Office for People With  
Developmental Disabilities



Ki Jan Mwen  
Ka Jwenn Sèvis?  
Front Door a



(866) 946-9733 | Sistèm Relè 711 NY

[www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov)



# Eksperyans Front Door a

Kontakte  
OPWDD

Gade Videyo  
Front Door yo

Detèmine  
Elizibilite

Evalayasyon  
Fòs yo

Idantifye  
Bezwen  
Sipò yo

Elabore  
yon Plan

Yo bay  
Sèvis yo

Moun ki nouvo nan sistèm OPWDD a ka jwenn aksè nan sèvis ak sipò atravè Front Door a. Front Door a se mwayen OPWDD itilize pou konekte moun yo ak sèvis yo bezwen epi vle. Apre w fin antre, yon pwosesis planifikasyon ki santre sou moun kòmanse, li ede w aprann ak jwenn aksè nan opsyon sèvis ki baze sou bezwen w ak dezi w yo. Pwosesis sa a bay ou tou opòtinite pou w gide pwòp plan sèvis ou oswa ede yon manm fanmi ouwa moun ou renmen nan dirije plan pa yo.

Front Door a baze sou lide moun ki gen andikap devlopmantral yo gen dwa pou yo gen relasyon ki gen enpòtan, konnen kwasans pèsònèl, patisipe nan lavi kominote yo epi viv nan kay yo chwazi a. Pwosesis Front Door a pral gide w nan etap ki enplike nan chèche konnen si w elijib pou sèvis OPWDD yo, idantifye bezwen w yo, objektif ou yo ak preferans ou yo, epi ede w travay you plan pou jwenn sèvis sa yo.

OPWDD ofri yon pakèt opsyon ak sèvis pou satisfè bezwen moun yo ak fanmi yo. Sipò ak sèvis OPWDD yo enkli:

- Èd pou moun yo viv nan yon kay nan kominote a.
- Èd pou fanmi yo sipòte manm fanmi yo pou viv lakay yo ak relèv epi lòt sèvis sipò pou fanmi.
- Èd pou moun ki vle travay nan kominote a ak fòmasyon ak sipò pou travay, opòtinite pou fè benevola, ak lòt kalite angajman kominotè.
- Ak èd pou moun ki bezwen sèvis rezidansyèl entansif ak sèvis lajounen.

Premye etap pou w resevwa èd se chèche konnen si w kalifye pou sèvis yo ak sipò yo. Apre yo fin detèmine ou elijib pou sèvis yo, ou ka kòmanse pwosesis planifikasyon an.

## Ki Kote pou Mwen kòmanse?

Rele Liy Enfòmasyon OPWDD a nan 1-866-946-9733 pou plis enfòmasyon.

Moun ki gen difikilte pou tande ka itilize Sistèm Relè 711 NY la.

